



ETA KAWOLIN DINÒ
KONSEY EGZAMEN

SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo:

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), ka sa te vini devan Konsèy Egzamen an ("Konsèy") pou egzamine **apèl demandè a oswa anplwayè** a de yon desizyon ki te pran pa Abit Apèl.....sou nimewo dosye.....prèv dosye a te egzamine.

Anrejistreman odyans lan devan Abit Apèl la vrèman pa klè (son an pa bon). Konsa, Konsèy Egzamen an te gen enkonvenyan pou egzamine tout prèv ki te site nan dosye sa.

Baze sou sa ki swiv la, koz la dwe ranvwaye bay yon Abit Apèl nan Seksyon Apèl nan Divizyon Sekirite Travay la ("Divizyon") pou dirije yon **odyans de novo**.

Nan fen odyans lan ki te ranvwaye a, Abit Apèl la dwe mete desizyon an akote epi emèt yon nouvo desizyon avèk lòt konstatasyon fè avèk konklizyon jiridik yo. Konstatasyon fè sa yo pral deklare istwa pwosesis ka a, enkli tout lòd pou kontinye avèk ranvwaye, rezon yo, yon apèsi de egzijans lòd pou ranvwa a, epi pati yo avèk temwen ki te prezante nan chak odyans ki te fèt sou dosye a.

Dosye a ranvwaye pou plis pwosesis empòtan ki gen rapò avèk desizyon sa.

LI ÒDONE, tout pati ki enterese yo dwe enfòme de lè avèk lye odyans ki te ranvwaye a ap fèt jan sa dwe fèt la, epi Abit Apèl la pral idantifye nouvo desizyon an nan fen odyans lan pandan l ap itilize tout nimewo dosye ki te atribye anvan avèk ka a.

LI ÒDONE TOU, tout dokiman dosye ranvwaye yo ki te transmèt bay Seksyon APÈL la avèk desizyon sa pral transfere bay Abit Apèl ansanm avèk avi odyans lan, pou make kòm prèv konviksyon epi te antre nan rejis la pa Abit Apèl ki ki ravwaye a pou konplete rejis yo jan li rekòmande pa lalwa.

ENPÒTAN – GADE PAJ KI SWIV LA



Desizyon Otorite Siperyè yo.
Paj De nan Twa

Manm Konsèy Egzamen an Susan Doe avèk John Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa.

Sa se:

KONSEY EGZAMEN AN

Prezidan

AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizon yon avoka dwe ekri selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013 yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: